CIVIC ACTION TEAMS

**Nepal Coronavirus CivActs Campaign**

अंक #५५

०८।१५।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

# सेप्टेम्बर १, २०२० सँ फेर सुचारु होबवला उद्धार आ व्यवस्थापन विधी

०१ दैनिक आगमन यात्रु सिमा ५०० कोई ।

०२ RT-PCR परीक्षण सहज भेल मुलुक तथा शहर सभसँ नेपाल आब अनुमति भेल आदमीके लेल

०३ नियमित उडानके लेल अनुमति नै भेल कामदार रहल मुलुक सँ नेपाली कुटनीतिक नियोग सँ सिफारिस भेल नामावली अनुसार के यात्रुके लेल चार्टर उडान केनाई ।

०४ नियमित उडानमे आबवलाके ७२ घण्टा भितरके RT-PCR '-ve' भेल प्रमाणपत्रसंगे फारम आ कम्तिमे ७ दिनके होटल बुकिङके प्रमाण साथमे लएक आब परत ।

०५ हवाई टिकट लेबकाल यात्रुके होटलके खर्च सेहो संगे बुझाव परत ।

०६ वैदेशिक रोजगार कल्याणकारी कोषके खर्चमे उद्धार उडानसँ आबवलाके एकिकृत क्वारेन्टाईनमे राखब आ ओहीके खर्च सरकार करत ।

०७ एकेटा उडानसँ RT-PCR '-ve' भेल आ RT-PCR परीक्षण नै भेल आदमी मिलाक आन नै पाओत ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/bhadau-4-cabinet-decisions-2077

# नेपाल अपडेट



स्वास्थ्यलाभके चिठ्ठी आ आयुर्वेदिक दवाई लएक होम आईसोलेशनमे रहल कोरोना संक्रमितके भेटैत बुटवल उपमहानगरपालिकाके प्रमुख शिवराज सुबेदी ।

तस्बिर: भवानी प्रसाद पाण्डे

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: ६,१०,४६९

पोजेटिभ: १३,७१५

उपचाररत: १३,७१५

मृत्यु : १५७




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकार विदेशसँ आबवला नेपाली नागरिकके लेल होटल क्वारेन्टाईन तोकने छै कहादन । होटल अपने छान पायत कि, सरकार जत जायला कहत ओहिठम जाय परतै ?

कोभिड - १९ के कारण स्वदेश आबहे परवला अवस्थामे रहल नेपाली नागरिकके स्वदेश फिता आब चाहलापर कम्तिमे ७ दिन होटल क्वारेन्टाईनमे रह परत कहिक सरकार मापदण्ड बनेने छै । जैके लेल सरकार जम्मा ३,५०० बेड सहितके होटलके सूचि सार्वजनिक केने छै । ओहि सूचिसंगे होटलके स्तर अनुसार दर रेट, होटलके बेड क्षमता आ सम्पर्क सेहो सार्वजनिक केने छै । स्वदेश फिर्ता आबवला सम्बन्धित नेपाली नागरिकके अपन क्षमता अनुसारके दर रेटके होटल छान सकत । विस्तृत विवरण निचा देलगेल लिंकमे देख सकैत छी ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/



संक्रमितके संख्या दिन प्रतिदिन बढ़ैत जारहल छै । आईसोलेशन बेड कमे छै । आदमीमे संक्रमण भल्जाएत त कि करब से डर छै । सरकार कि करहल छै ?

सरकार काठमाण्डौ उपत्यकामे अखनला कम्तिमे ६,००० आईसोलेशन बेडके प्रबन्ध करहल छै । काठमाण्डौ उपत्यका सँ बाहेक आरो जिलामे प्रदेश मुख्यमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषदके कार्यालय संक्रमणके जोखिम आँकलन कलक आईसोलेशन बेडके प्रवन्ध करतै । एकर व्यवस्था आ संचालनके लेल आवश्यक बजेट प्रदेश कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचार कोषसँ उपलब्ध कराएल जेतै आ ओ आईसोलेशनके सुरक्षा प्रवन्ध नेपाली सेना करतै से निर्णय सरकार कचुकल छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/bhadau-4-cabinet-decisions-2077



सरकार एककोईके मात्रे कोरोना परीक्षण केने के १ लाख सँ बेसी खर्च देखेलक ने ? कि परिक्षण कर एते खर्च लगैत छै ?

मिति २०७७ भादव ५ गते तक जम्मा ५,७९,८९९ कोईके RT-PCR परीक्षण भेल छै । प्रयोगशाला परीक्षणमे मात्रे अखनतक ३ अर्ब १८ करोड ९५ लाख ४४ हजार ५ सय खर्च भेल छै । जै अनुसार, अखनतक ३०,४८३ कोईमे संक्रमण पुष्टि भेल छै । एना एकटा संक्रमित आदमी खोजमे सरकारके १,०४,६२० रुपैयाँ खर्च होईछै । एकर मतलब ई खर्च संक्रमित पुष्टि भेल आदमीके लेल मात्रे भेल खर्च नै भलक जम्मा परिक्षणमे लागल खर्च छै । जम्मा खर्चके संक्रमण पुष्टि भेल आदमीमे भाग लगेला सँ प्रति एक व्यक्ति संक्रमित खोजमे सरकारके १,०४६२० रुपैयाँ खर्च भेलै से कहल गेल छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/243753580258358



कर्णाली प्रदेश सरकार कोभिडके कारण स्वदेश फिर्ता आएल कामदारसभके लक्षित कलक कार्यक्रम उच्च प्राथमिकतामे राखने बात बहुते सुनाईत छै । वास्तविकता कि छै ?

कर्णाली प्रदेश सरकारद्वारा आनल गेल चालु आर्थीक वर्ष २०७७/७८ के वजेटमे कोरोना प्रभावित परिवारके लेल रोजगारी सृजना करके विषयके उच्च प्राथमिकतामे राखने छै । रोजगार केन्ित पुर्वाधार विकास कार्यक्रमके लेल रु. १ अर्व २० करोड वजेट विनियोजन कएलगेल छै । कर्णाली प्रदेश सरकारके वजेटमे रोजगारीके अवसर वृद्धि आ विकासके संगसंगे आगु बढाव बहुत तरहके कार्यक्रम संचालन करके लेल जम्मा ६ अर्व ५४ करोड रुपैयाँ विनियोजन कएलगेल छै । जे कि कूल बजेटके १९.३८ प्रतिशत छै ।

स्रोत: http://moeap.karnali.gov.np/uploads/files/Budget%20Book%202077%20(for%20Website).pdf

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ






COVID-19
को बारेमा बुझ्न निःशुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ **32100** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

**साउदी अरव**
३,३४,४५१ नेपाली
३,०७,४७९ संक्रमित
१८७५ नेपाली संक्रमित
११ मृत्यु भएका नेपाली

**कुवेत**
७१,१९३ नेपाली
८०,५२८ संक्रमित
१६५० नेपाली संक्रमित
७ मृत्यु भएक नेपाली

**बहराईन**
२६,००० नेपाली
४९,३३० संक्रमित
४५१ नेपाली संक्रमित
३ मृत्यु भएका नेपाली

**कतार**
४,०६,९१७ नेपाली
१,१७,००८ संक्रमित
२२,५०० नेपाली संक्रमित
१६ मृत्यु भएका नेपाली

**युएई**
२,२४,९०५ नेपाली
६७,००७ संक्रमित
२४०० नेपाली संक्रमित
३० मृत्यु भएका नेपाली

**ओमान**
१७,०५७ नेपाली
८३,७६९ संक्रमित
४५ नेपाली संक्रमित
१ मृत्यु भएका नेपाली

**मलेसिया**
५००,००० नेपाली
९,२६७ संक्रमित
८१ नेपाली संक्रमित

**दक्षिण कोरिया**
३८,८६२ नेपाली
१७,६६५



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## उद्धार उडान सम्बन्धी महत्वपूर्ण जानकारी

नेपाल सरकार अनिश्चित कालके लेल चार्टर उडान बन्द केने छै त, सेप्टेम्बर १ सँ किछ देशसभ सँ नियमित उडान करब कहिक निर्णय केने छै । पिसिआर सहज भेल देशसभसँ ई उडानसभ हेतै । आरो देशसभसँ मुदा, कुटनीतिक नियोगके विशेष आग्रहमे चार्टर उडानसभ भऽसकैत छै ।

**नियमित उडान होब सकत कहलगेल देशसभ:**
मलेसिया, यूएई, दक्षिण कोरिया, थाइल्याण्ड, जापान, चीन, हंकङ, अष्ट्रेलिया, अमेरिका, क्यानाडा आ युरोपेली देशसभ ।

**नेपाल आब अनुमति भेल आदमीसभ:**
नेपाली नागरिक आ नेपालस्थित विदेशी नियोगके कूटनीतिज्ञ, कर्मचारी, संयुक्त राष्ट्रसंघके कर्मचारी मात्रे ।



**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे **UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त तक कोभिड - १९ के सन्दर्भमे भेल जम्मा खर्च : १३ अर्ब ३७ करोड

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमे भेल खर्च शिर्षक

**औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण**
रु. १,७५,५२,४०,०००

**क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन**
रु. ४,६९,४६,०००

**स्वास्थ्य बीमा**
रु. २,९३,८८,९६,०००

**अन्य**
रु. १,२४,७३,०००

**मानव स्रोत साधन परिचालन**
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारद्वारा केने खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## अलगे अलगे मन्त्रालयमे २०७७ जेठ सँ श्रावण तक भेल खर्चके अन्तर




## सरकारके तिनु तहमे २०७७ साल आषाढ १ गते सँ श्रावण ३१ गते (२ महिना) मे भेल प्रतिदिनके खर्च




सरकारद्वारा पहिल बेर २०७७ जेठ महिनामे आ अखन २०७७ श्रावण महिनामे कोरोना सम्बन्धी खर्चके विवरण सार्वजनिक केलक अछि । सरकारद्वारा सार्वजनिक कएलगेल अलगे अलगे मन्त्रालयद्वारा केने खर्चके तुलना केलापर, रक्षा मन्त्रालय, संस्कृती, पर्यटन तथा नागरिक उड्डयन मन्त्रालय आ शहरी विकास मन्त्रालयद्वारा केने खर्चके अन्तरमे हिसाबकिताव नै मिलल देखाईत छै । ई मन्त्रालयसभके अन्तर ऋणात्मक अबैत छै । जे कि सम्भब नै छै आ ओत हिसाब किताब केलापर किछ कमजोरी भेल देखाईत छै ।

दू महिनामे सरकारद्वारा केने दैनिक खर्चसँ संघिय सरकारद्वारा प्रतिदिन कोभिड - १९ के सन्दर्भमे केने खर्च १ करोड १० लाख सँ बेसी रहल देखाबैत छै । तहिना कलक, प्रदेश सरकारके प्रतिदिन खर्च ३२ लाख ७० हजार आ स्थानीय सरकारके प्रतिदिन खर्च ५ करोड ७ लाख १० हजार रहल छै । ई अंक आ.व.२०७६/७७ के पहिल १० महिनामे भेल औषत खर्चसँ बेसी छै । अई सँ सरकार छोट समयक अवधिमे बड्का रकम खर्च केने देखावैत छै । तै सँ अईसँ सरकारके आर्थिक जवाफदेहिता आ मितव्ययितापर सेहो प्रश्न उठाबैत छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/covid-kharcha-bibaran-2077-shrawan

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# विदेशमे फसल नेपालीके उद्धार के करत?



हमर नाम रितेश राम्जाली मगार अछि । हमर परिवार नेपालगञ्ज उपमहानगरपालिका वडा न. २२ मे स्थायि रुपसँ बसोबास करैछ आबिरहल अछि। हम दू वर्ष सँ यु.ए.ई.मे The secure नामक से कम्पनीमे काज करैत आबिरहल छलौ ।

हमर भिषा अवधी २०२० मार्च ३१ तक छलै । तेकर बाद, हमेशाके लेल नेपाल फिर्ता आबके योजना छल । विडम्बना ! कोरोना महामारीके कारण हमर भिषा खतम होबमे ७ दिन बाँकी रहिते नेपाल सरकार अन्तरराष्ट्रिय उडान बन्द कदेलकै । अन्तराष्ट्रिय उडान आई खुलत कि काईल्ह कहिक हमर दैनिकी बितैत गेल । किछ महिना बाद नेपाल सरकार प्रवासी फिर्ता आनत से बात सुईनक खुशी लागल । लेकिन, उडानके लेल टिकटके प्रतिक्षा करैत मे लगभग ५ महिना वित गेल । अई अबधी तक जम्मा कलक रखने सब पैसा खतम भगेल । पिडामे बितल ऊ दिनसभ सम्झलापर सेहो आईखमे पाईन आईब

लम्बा प्रतिक्षा पश्चात टिकट त भेटल, लेकिन टिकटके भाउ सुनिक हमर स्वदेश फिर्ता जायके सपना कहियो पुरा नै हेतै जेना लागल । मरण सेहो विदेशे मे हेतै जेना लगैत छल । जखन टिकट लेब गेलौ त आरो बेर सँ ४ गुणा मंहगा । आरो समयमे सामान्यता रु१८,००० मे सहजता सँ भेटवलाके एकतर्फी मात्रे २२०० दिहराम (रु.६६,०००) परल । हम घरमे से बात सुनेलियै । घर सँ जे जेना होई तैयो फिर्ता आब कहलक । तेकरबाद साथीके सहयोग आ अपनालग बचल पैसा सँ टिकट किनलौ ।

महामारीके समयमे सरकार काला बजारी रोकत कहने छलै । कहाँ त अन्तरराष्ट्रिय उडानमे भरहल काला बजारीके सरकार रोक सकल ? स्वास्थ्य सामाग्री, आरो चिज जेना क्वारेन्टाइन, राहत जेहन बातमे अर्बो खर्च केलक । लेकिन हमरासभके लेल एको रुपैया तक खर्च नै केलक तै बात सँ बहुते निरास बनेलक । एना लगैत छै, हमसभ ई देशके नागरिक नै छी । हमसभ देश विकासके लेल किछ केन्हे नै छी । हमरो सँ कमजोर आर्थिक स्थिती आ रोजगार गुमल साथीसभ अखनो ओतही अछि । पता नै ओसभ नेपाल आब सकत कि नै ? सरकार विदेशसँ नेपाली नागरिकके उद्दार करब त कहलक, लेकिन उचित व्यवस्था मिलाब नै सकला सँ कैयौ नेपाली दाजुभाई तथा दिदी बहिनसभ विदेशेमे फसल अछि । हुनकासभके उद्धार के करत ?




रितेश राम्जाली मगार

नेपालगञ्ज, बाँके

# वर्किङ फ्रम होम - कार्यक्षेत्रमे दीर्घकालिन प्रभाव



विलयम्सन मुर्रे अपन किताब "मिलिटरी एडप्टेशन इन वार: विथ फियर अफ चेन्ज" मे सैनिकके युद्धके कठिन परिस्थितिमे समस्याके सामना केता करैत अछि आ डरके साहासमे केना परिवर्तन करैत अछि कहिक गहन विश्लेषण केने छैथ । अखनके विषयवस्तु उहो नै छै । लेकिन, किताबमे कहलगेल अनुसार, परिस्थिती आदमीके व्यवहार आ शैलीमे केना दीर्घ कालिन रुपमे परिवर्तन अनैत अछि तै विषयवस्तुके उठान आजुके समयमे सान्दर्भिक छै ।

अखन विश्वे ठप्प छै । आदमीसभ अपन व्यक्तिगत आ व्यवसायिक दैनिकीके केना नियमित करत कहिक विकल्प खोजिरहल अछि । कामके प्रकृति अनुसार बहुतेकोई घरेमे रहिक अनलाईनके माध्यम सँ काज सुचारु केने अछि । प्रश्न, आब कहिया तक ईहे निरन्तरता पेतै आ कतेक प्रभावकारी छै से छै । एकटा सर्वेक्षण अनुसार अखन घरेमे रहिक काज करहल मे सँ करिब ४० प्रतिशत आदमीसभ कोभिड- १९ के प्रकोप खतम भेलाके बाद सेहो घरे सँ काज करके शैलीके निरन्तरता देत कहने छै । एना देखला सँ कोभिड - १९ आदमीके दैनिकी आ काज करके शैलीमे सेहो दीर्घ कालिन प्रभाव पार से देखाईत अछि । एकर चूनौतीआ फाईदाके चर्चा सेहो अखनके बहसके विषय बनल छै । विश्व आर्थिक मञ्चद्वारा कएलगेल सर्वेक्षण अनुसार घरेमे रहिक काज करला सँ निचा देलगेल प्रकारके चूनौतीसभ आओत से देखलगेल अछि।

१. काजके नियमितता भंग भेनाई
२. काज करमे अकेलापन महसुस भेनाई
३. सहकार्य, समन्वय आ सञ्चार
४. एकाग्रतामे अवरोध एनाई
५. एकेतरह के जोश आ उत्साह नै भेनाई
६. समयके छुट्टीके रुपमे लेनाई
७. ईन्टरनेट बढिया नै भेनाई ।




चुनौतीसें घरे मे रहिक काज करके फाईदा सेहो छै । जेना, अपना अनुकुल तालिकामे काज कर पेनाई, कोनो भी जगह सँ काज कर सकनाई, घर सँ कार्यालय आ कार्यालय सँ घर जायवला समयके बचत भेनाई आ परिवारके सहयोग करैत कार्यालयके काज सेहो केनाई ईति । जेना अखन घरेमे रहिक काज करके संस्कृतिके विकास कोभिडके परिस्थिति निर्माण केलक, अई सँ आबके नयाँ सामान्यीकरणके बाद सेहो कार्यालयके संरचनागत रणनीतिमे सेहो परिवर्तन लाब परवला बातके उपरके तथ्य जोड दैत अछि ।

# कोभिड - १९ के केसके सन्दर्भमे नेपाल आ सार्कके आरो आरो राष्ट्रबिचके अवस्थाके तुलना

सही सूचना

## संक्रमितके अनुपातम सार्क राष्ट्रसभमे कोभिड - १९ के अवस्था




उपरके ग्राफसँ अलगे अलगे सार्क राष्ट्रसभमे कोभिड-१९ सँ मृत्यु भेल, निक भेल आ सकृय संक्रमितके औषतके देखाबैत अछि । संक्रमित मे सँ, सकृय संक्रमितके सन्दर्भमे नेपाल सब सँ आगु अछि । अखन नेपालमे जम्मा संक्रमित मे सँ सकृय संक्रमितके संख्या ४१.२ प्रतिशत छै । एकर किछ कारणसभ छै: १) नेपालमे संक्रमितके संख्या तिव्र गतिमे बढीरहल छै । बहुते समुदाय स्तरमे संक्रमण फैलल बात सेहो प्रमाणित भचुकल अछि । अखनके सकृय संक्रमित प्राय: नयाँ अछि । अई सँ नेपालमे संक्रमणके दर तिव्र गतिमे फैलरहल अछि  से संकेत करैत अछि । २) कोभिड - १९ महामारीके पिछला ५ महिनाके तुलनामे नेपालके स्वास्थ्य प्रणालीमे कामके चाँप उच्च छै । जे होई तैयो नेपालमे संक्रमणके दर एकदम बढल छै । यदि एहना रहि रहतै त, आबवला दिनसभ आरो जटिल बनैत जेतै । समुदाय स्तरमे संक्रमण फैलके दर सेहो बढैत जेतै आ भाईरस विरुद्ध लड् असमर्थ भलजाएब ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि अगस्त महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219